Kushanya kwaVachenjeri

“Aripiko uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha?” Mateo 2:2

Kushanya kwaVachenjeri

“Aripiko uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha?” Mateo 2:2

Mateo 2:1-12 - *Kushanya kwaVachenjeri*

Mushure mokuberekwa kwaJesu muBheterehema reJudhea
munguva yaMambo Herodhi, vachenjeri vaibva kumabvazuva
vakasvika muJerusarema, 2 uye vakabvunza vakati, “Aripiko
uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha? Takaona
nyeredzi yake kumabvazuva, uye tauya kuzomunamata.”
3 Mambo Herodhi akati achinzwa izvi, akatambudzika
kwazvo pamwe chete neJerusarema rose. 4 Kuzoti
akakokera pamwe chete vaprista navadzidzisi vomutemo,
akavabvunza kwaizoberekerwa Kristu. 5 Vakapindura vachiti,
“MuBheterehema reJudhea nokuti izvi ndizvo zvakanyorwa
nomuprofita achiti:

“Asi iwe Bheterehema, munyika yeJudhea hausi
muduku
pamadzimambo ose aJudha, nokuti
mauri muchabuda mutongi uyo
achava mufudzi wavanhu vangu vaIsraeri.”

7 Ipapo Herodhi akadana Vachenjeri pakavanda
akavabvunzisisa nguva chaiyo yainge yaonekwa nyeredzi. 8
Akavatuma kuBheterehema akati, “Endai mundotsvakisisa
mwana uyu. Kana muchinge mamuwana, mugondizivisawo
kuitira kuti neniwo ndigoenda kundomunamata.”
9 Mushure mokunge vanzwa zvainge zvataurwa naMambo,
vakapfuurira mberi norwendo rwavo, uye nyeredzi yavakanga
vaoona kumabvazuva yakavatungamirira kusvikira yandomira
panzvimbo paiva nomwana. 10 Pavakaona nyeredzi, vakafara
kwazvo. 11 Vakati vasvika pamba apa, vakaona mwana
namai vake Maria, uye vakakotamira pasi vakamunamata.
Vakasunungura pfuma yavo vakapa zvipo zvegoridhe,
nezvinonhuwira nemura. 12 Uye vakati vayambirwa mukurota
kuti vasadzokera nokuna Herodhi, vakadzokera kwavo
neimwe nzira.

Mateo 2:1-12 - *Kushanya kwaVachenjeri*

Mushure mokuberekwa kwaJesu muBheterehema reJudhea
munguva yaMambo Herodhi, vachenjeri vaibva kumabvazuva
vakasvika muJerusarema, 2 uye vakabvunza vakati, “Aripiko
uyo achangoberekwa anova mambo wavaJudha? Takaona
nyeredzi yake kumabvazuva, uye tauya kuzomunamata.”
3 Mambo Herodhi akati achinzwa izvi, akatambudzika
kwazvo pamwe chete neJerusarema rose. 4 Kuzoti
akakokera pamwe chete vaprista navadzidzisi vomutemo,
akavabvunza kwaizoberekerwa Kristu. 5 Vakapindura vachiti,
“MuBheterehema reJudhea nokuti izvi ndizvo zvakanyorwa
nomuprofita achiti:

“Asi iwe Bheterehema, munyika yeJudhea hausi
muduku
pamadzimambo ose aJudha, nokuti
mauri muchabuda mutongi uyo
achava mufudzi wavanhu vangu vaIsraeri.”

7 Ipapo Herodhi akadana Vachenjeri pakavanda
akavabvunzisisa nguva chaiyo yainge yaonekwa nyeredzi. 8
Akavatuma kuBheterehema akati, “Endai mundotsvakisisa
mwana uyu. Kana muchinge mamuwana, mugondizivisawo
kuitira kuti neniwo ndigoenda kundomunamata.”
9 Mushure mokunge vanzwa zvainge zvataurwa naMambo,
vakapfuurira mberi norwendo rwavo, uye nyeredzi yavakanga
vaoona kumabvazuva yakavatungamirira kusvikira yandomira
panzvimbo paiva nomwana. 10 Pavakaona nyeredzi, vakafara
kwazvo. 11 Vakati vasvika pamba apa, vakaona mwana
namai vake Maria, uye vakakotamira pasi vakamunamata.
Vakasunungura pfuma yavo vakapa zvipo zvegoridhe,
nezvinonhuwira nemura. 12 Uye vakati vayambirwa mukurota
kuti vasadzokera nokuna Herodhi, vakadzokera kwavo
neimwe nzira.

40-09 The Wise Men Worship Jesus Poster

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona: Ndima dzo-muBhaibheri muchishona chakare